# BAS MAQALA

## МАЗМУНЛЫ ӨТКЕРИЛГЕН ҚӘНИГЕЛИКТИ АРТТЫРЫЎ КУРСЫ

**А.К.Пазылов –** *педагогика илимлериниң кандидаты, профессор*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

Әл Фарабий атындағы Қазақ миллий университети менен Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының өз ара дүзген меморандумына муўапық пединституттың 35 профессор-оқытыўшысы менен биргеликте Алмаата қаласындағы Қазақ миллий университетиниң Қәнигеликти арттырыў және қосымша билим бериў институтында өз қәнигеликлеримизди аттырып қайтыў ушын хызмет сапарында болдық.

Бизди ең алды менен қаланың тазалығы, транспорт қуралларының тәртипке түскенлиги, автобус жүретуғын жолдан жеңил автомобиллердиң жүрмейтуғынлығы, нәтийжеде автобустың таксиден тез жүретуғынлығы, ал, университетте болса студентлерге ҳәм басқа да хызметкерлерге жаратылған қолайлықлар дыққатымызды өзине тартты. Университет территориясындағы скамейкаларда отырып дем алыўшы студентлер ушын ҳәр бир скамейканың еки қапталынан сырты айна менен жабылған, ашыў ушын қолайластырылған, студентлердиң телефонларын зарядкалаўға имканиятлар жаратылған еки розетканың орнатылғанлығы да бизди таң қалдырды.

Қазақ миллий университети басшыларына рахмет, олар аэропортта бизлерди салтанатлы жағдайда күтип алыў ушын университет қурамындағы Қәнигеликти арттырыў және қосымша билим бериў институты директоры ўазыйпасын ўақтынша атқарыўшы Нәлибаева Сарақул Масибековнаны еки автобус пенен жиберипти. Автобусқа өз жүклеримиз бенен мингизип, бираз жол жүрип, бизлерди университеттиң «Жас алымлар үйи» деген жатақханасына алып келди. Жатақхана хызметинен бийпул пайдаланыўға рухсат берилди. 35-профессор-оқытыўшының барлығы блокнот, ручка және хызмет барысында пайдаланыў ушын 30 дана ақ қағаз бенен тәмийинленди. Жатақханада, қәнигеликти арттырыў орынларында, китапханада телеграм каналларынан бийпул пайдаланыўға да мүмкиншиликлер жаратылды.

Қәнигеликти арттырыў педагогика-психология, англичан тили ҳәм әдебиятын, математиканы, физиканы, информатиканы, химияны, географияны ҳәм орыс тилин оқытыў методикалары, шет тиллерин оқытыўдың инновацион усыллары, ана тили ҳәм әдебияты сабақларында жасалма интеллектлерден өнимли пайдаланыў бағдарлары бойынша алып барылды.

Курста оқыў барысында (4.07.2024) университеттиң академиялық мәселелер бойынша биринши проректоры А.Г.Қазмағамбетов пенен ушырасыўдың шөлкемлестирилиўи бизде оғада үлкен тәсир қалдырды. Себеби, биз усы ушырасыў арқалы университеттиң ТОП 200ликтиң ишинде 163, ал Азия мәмлекетлери ишинде 40-орынды ийелеп турғанлығын, 527 бакалавр бағдары, 627 магистратура қәнигеликлериниң ҳәрекет етип турғанлығын, дүньяның 98 мәмлекетинен келген студентлердиң оқып, профессор-оқытыўшылардың жумыс ислеп атырғанлығын, университеттиң проектлерге қатнасының соңғы бир жыл ишинде 9,5 миллиард (бизиң пул менен 256,5 млд.сум) теңгеге тең болғанлығын, университетте сабақ бериўши профессор-оқытыўшылардың 30%ти англичан тилинде сабақ беретуғынлығын, китапханасындағы китап фондының 2,5 миллионға жеткенлигин, ал, ҳәзирги ўақытта ол жердеги ағзалардың санының 30000нан асқанлығы ҳаққындағы мағлыўматларға ийе болдық.




Және де университетте 25310 студенттиң, соның ишинде 4596 студенттиң шет мәмлекетлерден келип оқып атырғанлығын, таярлық курсларында 966, бакалавриат бағдарында 17351, магистратурада 2389, докторантурада 1425, интернатурада 60, резидентурада 2 талабаның оқып, билим алып, өз бетинше жумыс ислеп атырғанлықларын билип алдық. Бул студент жаслар, магистрантлар, докторантлар, ординантлар менен университеттиң 2895 профессор-оқытыўшыларының шуғылланатуғынлығын, олардың ишинде 347 илим докторы, 427 философия докторы ҳәм 813 илим кандидатының (илимий дәрежелилик 53,2%), 244 профессор, 322 доценттиң бар екенлиги бизлерди таң қалдырды.

Сондай-ақ, бул ушырасыўда қатнасқан институт директоры Нәлибаева Сарақул Масибековна, филология илимлериниң докторы, профессор Салқынбай Анарқул Бекмырза қызы, бас қәниге Ахмеджанова Лейла Бекежановлар да баҳалы мағлыўматларды бериўге еристи. Әсиресе, А.Б.Салқынбай Нөкис мәмлекетлик пединституты менен тығыз байланыс орнатыўда НМПИдиң Қазақ тили ҳәм әдебияты кафедрасының баслығы, доцент Ырысты Қуттымуратованың айрықша хызмет атқарғанлығын атап өтиўи бизди шексиз қуўанышқа бөледи.

Педагогика-психология бойынша қәнигеликти арттырыў курсына басшы ретинде Қазақ миллий университети Философия ҳәм сиясаттаныў факультети-

ниң Улыўма ҳәм әмелий психология кафедрасының профессоры ўазыйпасын атқарыўшы, психология илимлериниң кандидаты Зухра Маратовна Садуақасова белгиленди.

Курс бойынша жеке жумыс жобасы ислеп шығылды. Усы жоба басшылыққа алынып, тийислисинше жумыслар алып барылды. Қәнигелигимди арттырыў жумыслары барысында профессор ў.а. З.М.Садуақасованың өткеретуғын пәни бойынша оқыў-методикалық комплекслери менен танысып шықтым. Сабақларына толық қатнастым. Билим алыўшылар менен оқытыўшының биргеликте шөлкемлестирген өзбетинше жумыслары менен де танысып шықтым. Өзимде усы жумыслардың қатнасыўшысына айландым. Илимий басшымыз бенен биргеликте жоқары оқыў орынларындағы педагогика-психология предметлерин оқытыў просесинде ушырасатуғын қыйыншылықлар, тартыслы мәселелер ҳәм олардың шешимлерин табыў жолларын ҳәр тәреплеме талқыладық.

Усының менен бир қатарда «Педагогика-психология» предметлерин оқытыў бойынша қолланылатуғын метод ҳәм усыллар, оқытыўдың ҳәр қыйлы формалары, түрлери менен танысыў шарапатына миясар болдық. Әсиресе, сабақ барысында студентлерди эмоционаллық жақтан қадағалаў, олардың эмоционаллық ойлаўына басшылық етиў, педагогика-психология пәнлерин оқытыў ислеринде әмелий жумысларды алып барыў усыллары, тренинглер өткериўдиң теориясы ҳәм әмелияты, коррекция технологиясы, дебат өткериў технологиясы, БЛУМ таксономиясы менен таныстық.

Сабақ просесинде 20/80% нызамы, илгек терапиясы, «Шаңарақ» тарийхы, Гандибас, Айланба форма, Ким қандай уқыплылыққа ийе ҳәм тағыда басқа роллерге бөлинип ойнаў түрлери, кейс методы, проектлер методы, ойын методы менен сабақ өтиў жоллары менен таныстық.

Бул курсты үйрениў барысында алған билимлеримиз ҳәм қәлиплесе баслаған уқыплылық пенен көнликпелеримиздиң биз ушын әҳмийети оғада уллы.

Жоқары оқыў орынларында педагогика-психология предметлерин оқытыўдың өзине тән усыллары менен танысыў, алған теориялық билимлеримизди толықтырып барыў мақсетинде университет китапханасында жумыс исledик.



Китапханада мен өзиме керекли болған ҳәр түрли әдебиятлар, методикалық қолланбалар, илимий мақалалар, электрон ресурслар менен таныстым. Әсиресе, Шәригүл Таубаеваның Алматы қаласы, Қарасай баспасы арқалы 2013-жылы басылып шыққан, көлеми 432 бет болған «Педагогика әдиснамасы», В.И.Коркинаның Қарағаны қаласы, «Ақнур» баспасында басылып шыққан, көлеми 240 бет болған «Дидактика в схемах и таблицах» атлы оқыў қолланбаларынан мағлыўматлар алыўға еристим.

Университет китапханасында алып барған жумысларымның нәтийжесинде Өзбекстан Республикасы Жоқары билимлендириў, илим ҳәм инновациялар министрлиги, Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириўи министрлиги тәрепинен 2024-2025-оқыў жылынан баслап Нөкис қаласындағы №19-мектепте тәжирийбе-сынаўдан өтетуғын, «Турмыс мектеби» бағдарламасы бойынша жаратылатуғын оқыў қолланбасының ишине енгизилетуғын «Муғаллимниң конструктив уқыплылығы» ҳәм «Муғаллимниң шөлкемлестириўшилик уқыплылығы» атлы темаларыма материаллар топлап, оларды тәртипке келтирип, баспаға усыныўым ушын нәтийжели жумыс болды.

Курс барысында кәсиплеслеримиз бенен пикир алысыў, мәдений дем алыў, саяхатқа шығыў шарапатына да миясар болдық. Университет музейи менен де таныстық. Музей университеттиң 80 жыллық (2014) юбилейине арнап ашылған екен. Музей материаллары менен танысыў арқалы университетте 1934-жылдан баслап усы ўақытқа шекем 12 ректордың жумыс алып барғанлығы бизди таңландырды. Себеби, бизиң институтымыздың өзинде 1990-жылдан соң 7 ректор ҳәм 2 ректор ўазыйпасын атқарыўшылар жумыс алып барды.

Және де ҳәр бир хызметкердиң өз жумысына жуўапкершилик пенен қарайтуғынлығы ҳәм пухталықлары да өз алдына мақтаўға ылайық екенлигин көрсетти. Бизлер қәнигелигимизди арттырып атырған ўақтымызда университет ректорының шет мәмлекеттен сапардан келгеннен кейин мийнет дем алысына шығып кеткенлигин көрип, еситип ҳайран болдық. Себеби, қабыллаў комиссиясы жумыс ислеп атырған ўақытта Қарақалпақстанлы ректорлардың бирде-биреўиниң мийнет дем алысына кетпейтуғынлығын билер едик…

Сондай-ақ, «Китаиский центр» деген орайында университет пенен Қытай мәмлекети алымларының биргеликте алып барып атырған илим-изертлеў жумыслары менен де танысып үлгердик.

Қәнигелигимизди арттырыў курсы өзбетимизше инновациялық изертлеў жумысларымыздың нәтийжели болыўына өз үлесин қосты. Курс жоқары дәрежеде шөлкемлестирилди. Бизиң, курсты шөлкемлестириўши Өзбекстан Республикасы Жоқары билимлендириў, Илим ҳәм инновациялар министрлигине, НМПИ басшыларына, әсиресе, Қазақ миллий университети, Қәнигеликти арттырыў институты директоры, профессор-оқытыўшылар ҳәм маман қәнигелердиң хызметлерине кеўлимиз толды.